

OPSYON SOU RECHÈCH TRAVAY

Li obligatwa pou reklaman yo kontakte **5 travay chak semèn** oswa **oswa ale nan 1 randevou sèvis CareerSource**. Reklaman ki abite nan komin ki gen mwens pase 75,000 moun oblije kontakte 3 travay chak semèn oswa ale nan 1 randevou sèvis CareerSource. Bwat vèt yo endike yon kontak rechèch travay sou entènèt ak bwat ble yo endike yon randevou an pèsòn.

OPSYON SOU KONTAK RECHÈCH TRAVAY



Anrejistre epi itilize yon eksploratè karyè oswa mache travay tankou EmployFlorida.com.

Reponn a yon travay ki afiche atravè eksploratè mache travay eta Florid la EmployFlorida.com.

Ranpli yon aplikasyon pou travay an pèsòn oswa sou entènèt ak anplwayè ki rezonableman ka gen travay ki apwopriye pou li ofri w.

Poste yon aplikasyon pou travay ak/oswa poste yon rezime, jan yo endike l nan avi piblik pou travay la.

Ale an pèsòn kote yon anplwayè ki rezonableman ka gen travay pou ofri w.

Fè yon Entèvyou avèk anplwayè potansyèl an pèsòn oswa nan telefòn.

Anrejistre pou travay ak ajans travay prive oswa sèvis plasman.

Itilize lòt aktivite rechèch travay tankou revize lis travay sou entènèt, jounal, jounal pwofesyonèl, kontakte asosyasyon pwofesyonèl, rezo ak kòlèg, oswa zanmi tou ka mennen w yon kote yap pran moun nan travay la.

OPSYON RENDEVOU SÈVIS CAREERSOURCE



Anrejistre pou sèvis travay ak reyanplwa nan sant CareerSource lokal ou a.

Resous travay ki disponib nan sant CareerSource ki ka debouche dirèkteman a jwenn travay ki enkli:

- Patisipe nan evalyasyon konpetans pou yo ka wè ki okipasyon kap bon pou ou
- Partisipar en talleres de instrucción u
- Patisipe nan atelye fòmasyon; oswa Jwenn ak swiv rekòmasyon travay nan sant CareerSource

EMPLOY FLORIDA



Itilize sistèm sou Entènèt pou w ka wè ki travay ki bon pou ou, enkli Sistèm Anplwa CareerSource Florid la, pou soumèt aplikasyon/rezime, rechèch pou wè ki travay kap bon pou ou oswa mande referans, ak/oswa aplike pou travay.

Yon bon mwayen pou kontakte anplwayè yo se lè w sèvi ak EmployFlorida.com, sistèm pou wè si travay la bon pou a sou entènèt eta a kote ou ka chèche plizyè milye travay ki afiche epi ou ka aplike pou travay.